*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 32 (26005)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 22 февраль — æртхъирæны мæйы 22 бон, цыппæрæм   Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ФЕДЕРАЦИЙЫ СОВЕТЫ
*Сывæллæтты фæлладуагъд...*

**3** БИНОНТЫ ЦАРДÆЙ
*"Юри мын инæлар уыдзæн"*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

# *Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон*



Батальон "Шторм-Осетия"-йы æфсæддонтæ

## Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы кадджын цæрджытæ!

*Зынаргъ æмбæлттæ!*

*Уæрæсейы сæраппонд чи æрлæууыд, йæ интересты сæрыл чи хæцы, уыдонæн арфæ кæнын сæйрагдæр паддзахадон бæрæгбон — Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны тыххæй!*

*Уæлдай сæрыстырдзинадимæ ацы бонты кад кæнæм, службæ чи кодта æмæ ныр дæр чи кæны, нæ бæстæ нын чи хъахъхъæны, уыдонæн. Бæстæйы хъахъхъæнынадон хъомысы рæзтыл чи архайы, граждæнты сабыр цардæн уавæртæ чи аразы, уыдон сты кады аккаг.*

*Уæрæсейæгты алы фæлтæртæн ацы бæрæгбон у хъæбатырдзинады, хиуыл нæ ауæрдыны æвдисæндар, нæ алкæй зæрдæйы дæр ссары бынат. Цы традици нæм сфидар, уымæ гæсгæ 23 февраль бæрæг кæнæм парахатæй, зæрдæбынæй, удæй цæугæ æнкъарæнтимæ. Уæрæсейы Президент Владимир Путин куыд загъта, афтæмæй "Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ цæттæдзинад æвæрд ис уæрæсейæгты генетикон коды". Ацы ныхæсты æцæгдзинад нæ алкæмæн дæр æмбæрстгонд у, мах зонæм нæ паддзахады истори, уым тынг бирæ ис хæстон сгуыхтдзинæдтæ æмæ хицæн адæймæгты лæгдзинад.*

*Уæлдай æхсызгонæй æмæ арфæимæ мах æрымысæм фыдæлты æмæ бабаты сгуыхтытæ, уыдон Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фронтты сæ цардыл нæ ауæрдгæйæ, уæлахиз æрхастой нæ адæмæн. Мах сæрыстыр стæм нæ бæстæйы хъæбатыр историйæ, не 'фсæддонты фидардзинадæй. Кад кæнæм хицæн хæстон цауты архайджытæн, уыдон нæ бæстæйы сæраппонд тохы бацыдысты.*

*Хицæнæй фæнды арфæ ракæнын, бæрæгбæттæ, хуыцаубонтæ кæмæн нæй, ныртæккæ нæ бæстæйы æдасдзинадыл æмæ фæрнæйдзаг царды сæрыл тохы чи балæууыд, уыдонæн. Хæстоны дæснйад равзарджытæ, æрсидты адæм, бархионтæ сты Фыдыбæстæйы æцæг хъахъхъæнджытæ. Ныртæккæ сты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, хъæбатырты фæзмдзысты кæстæртæ. Мах не 'мзæххонтæй сæрыстыр стæм, нæ Фыдыбæстæйы алы хъæбатырæй дæр. Æнхъæлмæ сæм кæсæм уæлахизтимæ.*

*Зынаргъ æмбæлттæ! Сабыр, æнæмæт цардæй хуыздæр ницы ис, нæ историйы алы рæстæджы дæр адæмы чи хъахъхъæдта, ныр дæр сæ сæраппонд чи хæцы, нæ бæстæйы хæдбардзинад æмæ ныфылдзинады сæрыл чи тох кæны, уыдонæн кад æмæ цыт. Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны хорзæх уæ уæд! Нæ уарзон республикæ æмæ нæ цытджын Уæрæсейæн мæ зæрдæ зæгъы хорздзинæдтæ æмæ дидинæг калгæ цард!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***

## Ирыстоны кадджын цæрджытæ!

*Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон у хæстон æвзыгъддзинады, лæгдзинад æмæ сахъдзинады бæрæгбон. Нæ бон æй ахæссын у æппæты ахсджиагдæр æмæ адæмы 'хсæн нымаддæр бæрæгбæттæм. Йæ бындуры æвæрд сты Фыдыбæстæмæ уарзондзинады, патриотон традицитæ æмæ бæрзонд хъуыдытæн кад кæныны æууæлтæ. Национ удварны æууæлтæм мах тынг æмхиц стæм, уый руаджы Уæрæсейы национ бынтæ, йæ хъомыс æмæ дидинæг акалыны фадæттæ рæзынц.*

*Мах сæрыстыр стæм нæ цытджын фыдæлты, дадаты хъæбатырдзинадæй, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тохы быдырты хиуыл нæ ауæрдгæйæ, хæцыдысты Фыдыбæстæйы сæрибардзинад æмæ хæдбардзинады сæраппонд. Нæ историйы æцæгдзинад нæй ногæй рафыссæн, иннæрдæм скæнæн.*

*Ныртæккæ нæ бæстæ йæ хæдбардзинады сæрыл куы тох кæны, уæд ацы бæрæгбон ахадгæдæр хуызы зæлы. Сæрмагонд æфсæддон операцийы бынаты йæ службæ чи хæссы, уыдон хистæр фæлтæры традицитæ дарддæр хæссынц, нæ паддзахадон арæнтæ хъахъхъæнынц, уæрæсейаг бæстæйы цыт æмæ хъомыс фидар кæнынц.*

*Ацы бæрæгбоны Фыдыбæстæйы алы хъахъхъæнæгæн дæр мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, амонд æмæ фарн. Бузныг, уæ æнувыддзинады, лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинады, нæ уарзон зæхх нын кæй хъахъхъæнут, уæ бинонтæн, хиуæттæн фидар æнцой кæй стут, уый тыххæй.*

*Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!*

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы***
***Парламенты Сæрдар***

Парламентæй

ТУСКЪАТЫ Таймураз:

## "Йæ бæрнондзинад алчидæр хъуамæ æмбара"

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Боны фæткы уыд адæмы æнæниздзинадимæ баст дыууæ ахсджиаг фарстайы. Йæ разныхасы Тускъаты Таймураз куыд загъта, афтæмæй медицинон фæдзæхстады бюджет азæйазмæ кæны фылдæр, афтæ — ацы нысанимæ баст республикон бюджеты хæрдзтæ, стæй национ проекттæ æххæст кæныны хæрдзтæ дæр. "Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы гæнæнтæ кæнынц фылдæр. Махæн та нæ хæс у, ацы дыууæ бюджеты фæрæзтæй куыд пайдагонд цæуы, уый сбæлвырд кæнын æмæ, хъуыддæгтæ фылдæр цæмæй æнтыса, уый тыххæй уавæрæн аккаг аргъ скæнын", — бафиппайдта Парламенты Сæрдар.

Раздæр уал депутаттæ байхъуыстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Цæстдарæн-нымайæн палатæйы хъусынгæнинагмæ. Палатæйы аудитор **Хæдарцаты Олег** раныхас кодта, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы медицинон кухосты æмæ медицинон дзаумайы æлхæнинæгты иуæймаг бæрц 2021 азы рауад 2 миллиарды 42 милуан сомы бæрц. Фыст æрцыд 273 бадзырды 1 миллиард 187 милуан сомы аргъ. 2022 азы та æлхæнинæгты иумæйаг бæрц рауад 1 миллиард 817 милуан сомы аргъ. Фыст æрцыд 93 бадзырды 881 милуан сомы аргъ", — загъта раныхасгæнæг. Стæй ранымадта, Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад йе 'ргом тынгдæр цы фарстатæм хъуамæ аздаха, уыдон, се 'хсæн: медицинон кусæндæттæ сæ куырдиæттæ цы æгъдаумæ гæсгæ хъуамæ дæттой, уый, медицинон кусæндæттæ цы хæстæ дарынц, уыдон афойнадыл фидыны хъуыддаг æмæ æндæртæ.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ.**

цаутæ рабæрæг, уыдон фылдæр хатт баст уыдысты рынчынтæн реанимацион-анестезиологон, хирургион, терапион, педиатрон, урологон, онкологон æххуыс кæнынимæ, стæй, æнхъæлцау чи у кæнæ, сывæллон чи ныййардта, уыцы сылгоймæгтæн медицинон æххуысимæ. Уымæй уæлдай, Службæ цæст дары, льготæмæ гæсгæ хостæ цы рынчынтæн æмбæлы, уыдоны бартæ хæлд цæмæй ма цæуой, афтекты æмæ медицинон кусæндæттæ дзæбæхгæнæн хостæй хъуаг цæмæй ма æййафой, уыцы хъуыддæгтæм, стæй хостæн сæ хæрзхъæддзинадмæ æмæ сæ æргътæм. "Æнæ æмбæлгæ гæххæттæй уæйгæнæн кæмæн нæй, ахæм хостæ ауæй кæныны цауты тыххæй сæ лицензи ист æрцыд фондз амалхъом адæймагæн. Сæ архайды халæн цаутæ æруадзыны тыххæй æфхæрд байиæфтой 54 адæймаджы. Уымæй уæлдай, Службæ иудадзыгдæр цæст дары медицинон кусæндæтты арæзтадмæ, хостæ æмæ медицинон æрмæджыты æлхæнинæгтæм, дохтырты дæсныдзинад



сæндæттæ дзæбæхгæнæн хостæй æмæ медицинон дзаумайæ хъуаг цæмæй ма æййафой, уый тыххæй Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады "Фармация æмæ медицинская техника Осетии", зæгъгæ, ацы паддзахадон автономон кусæндонмæ 2021-2022 азты республикон бюджетæй цы финансон фæрæзтæ лæвæрд æрцыд, уыдонæй цас хæдзардзинæй спайда кодта, уый сбæрæг кæныны куысты тыххæй. Куыд загъта, афтæмæй, республикæйы медицинон кусæндæттæн цы фæрæзтæ æрцыд дихгонд, уыдонæй се 'ппæтæй дæр спайда кодтой сæ нысанмæ гæсгæ, закъонхалæн цаутæ дзы нæ разынд. "Дзæбæхгæнæн

Советы уæнгтæ ма байхъуыстой Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазмæ цæстдарды федералон службæйы фæзуатон оргæн куыд архайы, уый фæдыл амынд Службæйы разамонæджы хæстæ æххæстгæнæг **Найфонты Беллæйы** хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг куыд загъта, афтæмæй Службæ арæзт æрцыд ссæдз азы размæ, æмæ йæ сæйраг хæстæ сты, æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы адæмы бартæ халыны цаутæ цæмæй ма цæуой, уымæ цæст дарын. Уыцы нысанимæ 2022 азы сарæзтой профилактикон мадзæлттæ — 12, 2023 азы та дзæвгар фылдæр — 434. Уыцы куысты фæдыл цы халæн

бæрзонддæр кæнын æмæ æндæр хъуыддæгтæм", — загъта Найфонты Беллæ.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Реуазты Ларисæ.

Дыууæ фарстайы фæдыл дæр фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг **Тхостаты Муратмæ** æмæ Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимурмæ,** депутат **Черчесты Асланмæ.** Дзуаппытæ сын лæвæрдта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**.

Дыууæ фарстайы фæдыл дæр советы уæнгтæ бацæттæ кæндзысты Парламенты уынаффæты проекттæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты дыууын дыккæгæм æмбырд уыдзæн 2024 азы 27 февралы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæаразæн залы (Сæрибары фæз, 1-æм хæдзар).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2024 азы 27 февралы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

Патриотон акци

# Скъоладзауты фыстæджытæ



**Уæрæсейы Гвардийы ведомствæйы æдде хъахъхъæнынады цæгатирыстойнаг управленийы кусджытæ æппæтуæрæсеон патриотон акци "Фыдыбæстæ хъахъхъæнæгмæ фыстæг"-ы фæлгæты регионы скъолаты скодтой зæрдылдарæн мадзæлттæ.**

Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны агъоммæ скъоладзаутæ æмæ гвардионты сывæллæттæ арфæтимæ æмæ нывтимæ фыстæджытæ ныффыстой хæстон службæгæнджытæм, ведомствæйæ сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыдонмæ. Къонверттæ саив кодтой Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатырты нывтимæ маркæтæй.

Пъæлицæйы лейтенант **Гайты Юлия** куыд зæгъы, афтæмæй сывæллæттæ тынг бæрнонæй бавнæлдтой хъуыддагмæ, æфсæддон операцийы архайджытæм ныффыстой фыстæджытæ. "Кæстæр фæлтæр афтæ хорз кæй хъомыл кæнынц, уый тыххæй бузныг зæгъæм ахуыргæнджытæн æмæ ныййарджытæн", — бафиппайдта лейтенант.

Уæрæсейы Гвардийы уæнгтæ æхсызгонæй райстой сывæллæтты куыстытæ, сæ цæстæнгас æмæ бæрæгбоны æнкъарæнты тыххæй сын бузныг загътой.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## Дзырды фарн

*Цæргæс бæрæг вæййы йæ тахтæй,*
*хъæбатыр гуырд – йæ цыдæй.*

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **22 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **3 градусы уазалæй 1 градусы онг,** Дзæуджыхъæуы — **2 — 3 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 10,51 | **Хурыскаст** — 06,49 **Хурныгуылд** — 17,49 | Валютæйы аргъ | **Доллар** — 92,19 **Евро** — 99,19 |

12+

Федерацийы Советы

# Сывæллæтты фæлладуагъд æмæ æнæниздзинад фидардæр кæнынæн...



**УФ-йы Федерацийы Советы цы видеоконференци уыд, уым бæстон ныхас рауад, сывæллæтты фæлладуагъд æмæ æнæниздзинад фидардæр кæныны кусæндæтты модернизацийы федералон программæ куыд æххæстгонд цæуы, ууыл.**

**Валентинæ Матвиенко** сæрдариуæг кæм кодта, уыцы æмбырды архайдтой Федерацийы Советы уæнгтæ, Уæрæсейы рухсады министр **Сергей Кравцов**, стæй регионты минæвæрттæ. Цæгат Ирыстонæй фембæлды архайдта сенатор **Виталий Назаренко**.

Ныхасы архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй сывæллæтты фæлладуагъд æмæ æнæниздзинад фидардæр кæныны кусæндæтты рацарæзты программæ фидаргонд æрцыд Федерацийы Советы хъæппæрисæй. Ныридæгæн уал æххæстгонд æрцыд программæйы фыццаг хай. Уый фæлгæты 16 уæрæсейаг регионы сарæзтой 40 алыхуызон инфраструктурон бæстыхайы. Уыдоны нымæцы — Цæгат Ирыстон дæр. Амынд программæйы уагæвæрдмæ гæсгæ, нæ республикæйы сарæзтой æнахъомты социалон реабилитацийы центр "Рæдау зæрдæ"-йы ног уæлæмхасæн бæстыхай (ис дзы 49 бынаты).

"Æхсызгон мын у, ацы федералон программæйы Цæгат Ирыстон зæрдиагæй кæй архайдта, уый. Ацы проект ма иу æвдисæн у, бæстæйы закъонæвæрæг оргæнтæ æмæ хицаудзинады регионалон структурæтæ фæлладуагъд æмæ æнæниздзинад фидардæр кæныны инфраструктурæйы нывыладыл æмхъарутæй кæй кусынц, уымæн", — фембæлды фæстæ фæбæрæг кодта Виталий Назаренко.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ,
УФ-йы сенаторы æххуысгæнæг**

Хæсты азæлд

# Мад æнхъæлмæ каст йæ фырттæм...

**Хæст... Адзалхæссæг хæст. Кæннод йе 'ндзарджытæ ныййарджыты хъæбулты тæригъæдæй пиллон арт суадзæнт!**



1941 азы 22 июны райсомæй раджы цыппар сахатыл немыцаг фашисттæ куы 'рбабырстой Советон Цæдисмæ, уæд хистæрæй-кæстæрæй, нæлгоймагæй-сылгоймагæй сыстадысты цыфыддæр знаджы ныхмæ.

Сæ цæссыг калгæйæ, зæрдæ рисгæйæ, сæ хъæбулты, æфсымæрты, цардæмбæлтты фæндараст кодтой хæстмæ. Елхотæй Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ, цыфыддæр знагæн бæрзæйсæттæн цæф ныккæнынмæ чи фæцыдис, уыдонимæ уыдысты Бæройты Абейы фондз фырты: Хъантемыр, Уæсмæн, Агуыбечыр, Хадзыбечыр æмæ Дзæрæхмæт. Нал сæмбæлдысты сæ фыдæлты уæзæгыл. Хъæбатырæй фæмард сты тохы быдырты.

Ныййарæг мад... Куыд фидар разындысты йæ фæрстæ, йæ хъæбултæй иуы мард — Дзæрæхмæты, Госæма йæхæдæг Æрыдоны мæрдты 'хсæн куы ссардта, уæд! Уый уыдис, знаг Ирыстонмæ куы схæццæ, уыцы рæстæг. Мæнæ куыд фыссы уыцы цауы тыххæй поэт, журналист Дауыраты Дамир йæ уацхъуыды "Ныккæнæм, лæппутæ, уæлахизы зарæг", кæцы мыхуыргонд æрцыд чиныджы "Зæххыл рæстагон хæст цыди" (1970 азы рауагъд): "Салдæтты цæсгæмттæ бомбæтæ афтæ фехæлдтой, æмæ сын базонæн дæр нал уыди. Уæд Госæмайы зæрдыл æрбалæууыд: йæ кæстæр лæппу, колхозы бæхтæ бирæ чи уарзта, фæскомцæдисонты хъæппæрисджындæр чи уыд, уыцы лæппуйæн, хæстмæ цæугæйæ, йемæ радта хъæдын уидыг. Æмæ зæрдæнкъуыст сылгоймаг мард салдæтты уырзæй сгæрста. Куыннæ атыппыр уыдаид йæ зæрдæ, къух уыцы уидыгыл куы аныдзæвыди, уæд".

Ацы ныхæстæ кæсгæйæ, цыфæнды дурзæрдæ адæймаг дæр йæ цæссыгтæ нæ бауромдзæн. Уæдæ Хадзыбечыр сæхимæ фронтæй цы фыстæг сæрвыста, уый дæр зæрдæйы уидæгтæ агайы: "Æвæццæгæн мæ æфхæрут, уæ писмойæн уын дзуапп æрæгмæ кæй дæттын, уый тыххæй. Дæрддзæф уыдтæн æмæ мæй æмæ 'рдæг æфсæддон рынчындоны фæдæн. Фæдзæбæх дæн, ныр та ногæй цæуын уыцы цъаммарты, фашистон лæгсырдты цæгъдынмæ. Дæн тæхæг-лейтенант. Нана, мæнæ куы ссæуон, уæд дæ мæ хæдтæхæджы Мæскуымæ ласдзынæн. Тæрсгæ ма кæнут, фендзыстæм нырма кæрæдзийы".

Фæлæ дзæгъæлы ныфсытæ æвæрдта йæ мадæн, нал федтой кæрæдзийы: фæмард знаджы нæмыгæй. Нал федта Госæма йæ иннæ хъæбулты дæр, афтæмæй сау ингæнмæ бацыд 1967 азы.

Бæройты хъæбатыр, æдзард фондз æфсымæры ном баззад зарæджы. Йæ рæстæджы сыл æй скодта Заманхъулы зарæггæнджыты къорд, сæ сæргъы Дзиойты Хъауырбег æмæ Хъуысаты Рая, афтæмæй. Æфсымæрты ном ма хæссы Елхоты уынгтæй иу.

Мыхуыр кæнæм зарæджы ныхæстæ:

**Уæй, тох, хæсты тох æрцыди, лæппутæ!
Фашистон тугдзыхтæ нæ бæстæмæ лæбурдтой,
Бæройты Абейы фондз фырты
карз тох фæкодтой,
Уæлахизы тохы лæгдзинад равдыстой,
Хæрзбон, нæ Ирыстон!
Уæртæ Цъыфджыны фалейæ
Ой, уæй нæ лæппутæ!
Стыр тохы зарæг ныккæнут, фæсивæд,
Абейы фондз фыртыл стыр тохы зарæг!
Ой, сæ Райгуырæн бæстæйæн стыр кад скодтой,
Хæрзбон, нæ Ирыстон!
Уæй, тох, сæ хистæр Хъанте
Йæ кæстæр æфсымæртæм радыгай фæдзуры:
Лæбурджыты ныхмæ стыр тох ныккæнæм,
Ой, Коммунистон партийæн стыр аргъ скæнæм,
Нæ зæронд партийы уазæг.
Ой, тох, Пыхсы комы дзæбидыр
арсы фæрныхъултæ
Уæсмæны сармадзан йæ танкæйы хуылфæй
арсы мард кодта.
Ой, советон танкисттæ хъæбатыр тох кодтой,
Хæрзбон, нæ Ирыстон!
Ой, тох, денджызы бабызтæ,
Уæларвы лæппутæ маргъы каст куы кодтой.
Хадзыбечыр бадзуры: мæнæн мæ хæдтæхæгæй
Немыцы тæхджытæ марджы тарст кодтой!
Уæлахизы тохы мæ сау туг ныккалди.
Хæрзбон, нæ Ирыстон!
Уæй, тох, зæххы кусджытæ
Цæгатæй ныббырстой, цæгатæй, лæппутæ!
Агуыбечыр бадзуры:
Мæ хæстон æмбæлттæн сæ разæй ныббырстон,
Ой, ацы налат фашисттæн
бынтон цагъд ныккодтам.
Хæрзбон, нæ Ирыстон!
Ой, тох, Хæзныдоны рагъæй,
Уæззау туг ссардтой, уæззау туг, æфсымæртæ,
Дзæрæхмæт куы бадзуры:
Æрыдоны зæххыл мæ сау туг ныккалдтон,
Ой, мæ рæзгæ сау уæрдон мын Елхотмæ æрластой
Мæ уарзон æмгæрттæ.**

**ТЛАТТАТЫ Светланæ,
Уæрæсейы Журналистты цæдисы уæнг**

Не 'мзæххонтæ — æфсады

# Хъæдгæройнаг лæппу — арæхстджын æмæ сæрæн

**Райгуырæн бæстæ, фыццаджыдæр у фыдæлты зæхх. Хæдзары лæппу куы райгуыры, уæд хъæбатыр æмæ лæгдзинады æмвæндаг чи суыдзæнис, ахæм гуырд дзы хъуамæ рауайа.**



Фыд йæ сывæллæттæн йæ фидар ныхасæй амоны цардмæ фæндаг, мад та — йæ фæлмæн, рæвдыд ныхасæй.

— Адæмы зæрдæмæ цы нæ фæцæуэдзæн, уый макуы бакæн, — дзырдтой йæ ныййарджытæ **Тезиаты Зауырæн**. Хистæры ныхасæн аргъ чи кæна, уыцы кæстæрæн рæдийæн нæй. Хæдзары куыстытæм, стæй скъолайы ахуырмæ дæр Зауыр уыдис разæй. Ахуыр кодта Хъæдгæроны астæуккаг скъолайы, фæстæдæр та — Хæххон-металлургон техникумы. Уæздан, зондджын лæппу йæхицæн равзæрста ирвæзынгæнæджы дæсныйад. Æхсызгон куыд нæ уыдаид хистæртæн, хиуæттæн Зауыр дипломимæ куы æрхæццæ, уæд. Уæдæ йын зæрдæмæдзæугæ куыст дæр ссардтаиккой, фæлæ иу бон лæппу йæ мад æмæ фыдæн загъта, æфсадмæ цæуынвæнд кæй скодта.

Иуæй-иутæ фæзæгъынц — æфсад лæггæнæг у, ацы змæст рæстæг хъæбул службæмæ куы ацæуы, уæд ныййарæджы сагъæс æмбæрстгонд у. Хæдзары хистæр Руслан йæхæдæг службæ кодта æфсады, æмæ йæ хистæр фыртæн амыдта, цæмæй йæ хæстæ æнæзивæгæй æххæст кæна. Сæ бæлццоны Тезиатæ æртæ чъыриимæ, арфæтимæ афæндараст кодтой.

Зауыр службæ кæны Денджызон флоты фистæгæфсæддонты æфсады, Хъырымы. Ныртæккæ рæстæг сабыр нæу, уæлдайдæр та уыцырдыгæй.

Маринæ æрвылбон йæ хъæбулы хъæлæс телефонæй куы фехъусы, уæд йæхицæй амондджындæр нал вæййы. Æфсæддонты 'хсæн разыны ахæмтæ, æнæбары службæ чи фæкæны, командирты уынаффæтæ зивæггæнгæ чи æххæст кæны. Хъæдгæройнаг лæппу уый йæ сæрмæ не 'рхаста, алцæмæ дæр у арæхстджын æмæ сæрæн. Йæ службæйы тыххæй дзургæйæ, хъаст ницæмæй кæны, фæзынд ын бирæ ног æмбæлттæ. Ахуыр сæ кæнынц хæцæнгарзимæ архайын, зонгæ кæнынц нырыккон æфсæддон техникæимæ.

Ай-гъай, æрыгон хъæуккаг лæппу Сау денджызы былгæрон æнкъард кæны йæ бинонтыл, мысы ирон чъиритæ. Цалдæр мæйы фæстæ Зауыр сыздæхдзæн хæдзармæ. Æнхъæлмæ йæм кæсынц йæ кæстæр æфсымæр Сæрмæт, йæ бирæ æмбæлттæ, хионтæ, сыхбæстæ.

— Абон иууылдæр бæллæм, цæмæй дуне сабыр уа, æмæ нæ кæстæртæ макуы базоной зындзинад, — алкæй хъæбул дæр дзæбæхæй сыздæхæд йæ къонамæ, — зæгъы Маринæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Мемориалон фæйнæг

# Руслан нын у лæгдзинады дæнцæг

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы хæцгæйæ хъæбатырæй чи фæмард, уыцы цæрайуаг лæппу КОЗАТЫ Русланы номыл мемориалон фæйнæг фæзынд скъолайы къулыл.**

Хъæбатыры æрымысыны тыххæй Црауы скъоламæ æрбацыдысты Козайы-фырты хиуæттæ, хæстæджытæ, æмхъæуккæгтæ, ахуыргæнджытæ æмæ ахуырдзаутæ. Ныр Руслан сæ алкæмæн ссис патриотизмы æмæ фидардзинады дæнцæг. Зæрдылдарæн хъуыддаджы архайджытæ дзырдтой сæ мысинæгтæ Козаты Русланы тыххæй, йæ царды алы азты йæхи куыд дардта, цæмæй бæрæг уыд йæ зондахаст, уыдæттыл.

Сæ алкæй бон дæр уыд дæргъвæтин ныхас кæнын, йæ сабидуг йемæ чи арвыста, иу партæйы уæлхъус йемæ чи бадт, зонындзинæдты сусæгдзинæдтæ йын чи амыдта, уыдонæн. Зындгонд музыкант Олег Газманов йæ зарæг "Офицеры" раст цыма Козаты Русланы тыххæй ныффыста, афтæ хъуысы. Йæ Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ йæхи аппæрста Руслан, дарддæр цы уыдзæн, цы расайдзæн йæ къахдзæф, ууыл нæ ахъуыды кодта...

Фыццаг бонæй фæстæмæ цæрайуаг лæппу лæууыд неофашистты ныхмæ, карз тохты-иу бацыд. Историон æгъдауæй хæстытæ кæддæриддæр цыдысты, уыимæ, сæ иу иннæмæй карздæр. Дуне æнæ хæст замантæ нæ зоны. Сæрмагонд æфсæддон операци райдайыны бон нæ бæстæйы историйы ссардта йæ бынат. Нæ фæсивæд æххæст сты патриотизмæй, сæ бабатæ æмæ уыдоны фыдæлтау тырнынц рухс фидæнмæ, æфсымæрон адæмты сæрибардзинад сæм бæрзонд бынаты æвæрд ис.

Цард доны æнгæс у, куы сабухы, куы — æрсабыр вæййы. Цæрайуаг Козаты Руслан хæстон суæвынмæ никуы бæллыд. Райста филологы дæсныйад, йæ хæцæнгарз уыд фыссæн сис. Кæддæр цытджын Къоста дæр афтæ нымадта, ома, фыссæн сисы фæрцы бирæ хъуыддæгтæ алыг кæнæн ис. Руслан бæллыд ахуыргæнæг суæвынмæ. Фæлæ хъуыддæгтæ æмхуызонæй Стыр Хуыцаумæ сты, лæппу йæ хъысмæт сбаста Гæрзифтонг тыхтимæ.



58-æм æфсады гвардион хæйтты Козаты лæппу баслужбæ кодта 10 азы, ссис хæстон хъуыддаджы дæсны. Взводы командир ссис, афтæмæй архайдта Цæгат Кавказы контртеррористон операциты. Куыддæр сæрмагонд æфсæддон операци райдыдта, афтæ гвардийы сержант Козаты Руслан Донбассмæ бахызæнты архайдта тугкалæн тохты. Лæгдзинад æмæ æвзыгъддзинад æвдисгæйæ, Козайы-фырт полчъы хæстонтимæ архайдта знæгты фидæрттæ батонынил.

Козайы-фырты цурты цыма мæлæт иувæрсты цыд, афтæ зындис, командир уыд фæлтæрдджын, зонындзинæдтæй æххæст. Йæ дæлбар уæвæг æфсæддонты разæй цыдис, хуыдта сæ иу уæлахизæй иннæмæ. Йæ хæстонты цард бахъахъхъæнынил тынг архайдта. Уыцы æнамонд бон, 2022 азы, 2 апрелы, цыдис знаджы фидаргонд скондмæ, бацайдагъ сын тох. Артæй йе 'фсæддонты хъахъхъæнгæйæ, Руслан сыстад æмæ размæ атындзыдта, уалынмæ знаджы нæмыг сæмбæлд Козаты лæппуйы риуыл, бронежилеты иувæрсты йæм фæхæццæ, йæ цард ын айста...

Хъæбатыры мæлæт райста Руслан, йæ хæстон хæс æххæстæй бафыста... Гуыргæ Козаты Руслан ракодта Украинæйы, Харьковаг облæсты, уым ссардта йæ мæлæт дæр. Знаджы нæмыг ыл сæмбæлд... Йæ амæлæты фæстæ Козаты Иваны фырт Русланæн радтой Лæгдзинады орден. Хъæбатырыл цыд 42 азы. Нырtæккæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайынц Црауы хъæуы фæсивæд дæр. Сæ иуæй дæр Козаты хъæбатыры ном рох нæу, размæ сæ хоны, тарст цы у, уый нæ зонынц.

Црауы скъолайы 2020 азы Кæсæбиты Ритæйы хъæппæрисæй фæзынд Хæстон намысы музей. Сертификат райста, йæ фыццаг къахдзæфтæ кæны. Музейы сæ бынат бацахсдзысты хæбатырты цардыл дзурæг æрмæджытæ. Уыдонимæ уыдзысты Црауы скъолайы рауагъдон, хъæбатыр Козаты Русланы тыххæй æрмæджытæ дæр...

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Црауы хъæуы цæрæг**

Хъысмæт

# Фыды ном — фæндагамонæг стъалы...

**Абон дæр йе 'мбæлттæ, знаджы ныхмæ лæгæй-лæгмæ æдæрсгæйæ кæимæ лæууыд ХАРЕБАТЫ Азæмæт, уыцы лæппутæ æмхуызонæй дзурынц, куыд æдæрсгæ, сæрæн, хæларзæрдæ уыдис, цыфæнды зын, тæссаг уавæры дæр куыд зыдта, куыд рæвдз арæхсти уæззау фæлварæнæй рацæуын.**



Азæмæт йæ фырт Георгиимæ

Йæ размæ цы вазыгджын хæстæ уыдис, уыдон æмбæлгæ хуызы сæххæст кæнынмæ куыд тырныдта — æппæт уыдæтты тыххæй. Дзурынц, æмгардзинад куыд бæрзонд æвæрд уыди Азæмæтмæ, бахъуыды заман æххуысхъуагæн куыд ницы бавгъау кодтаид, уый тыххæй дæр...

Сæрмагонд æфсæддон операцийы Харебаты Ильяйы фырт Азæмæт архайдта йæ тæккæ фыццаг бонтæй фæстæмæ. 2022 азы мартъийы хистæр прапорщик Харебаты Азæмæт, знаджы сармадзанты нæмгуытæ ницæмæ даргæйæ, æнæкъуылымпыйæ хæццæ кодта йе 'фсæддон хайы хæстонтæм хæцæн æрмæг æмæ артаг.

2022 азы 10 декабры та, Запорожьейы облæсты хъæу Коноваловo уæгъд кæнгæйæ, Азæмæтæн йæ зынг ахуыссыд. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд майдан "Æфсæддоны æхсар", стæй "Лæгдзинады орденæй" (мæлæты фæстæ).

Бирæ цæрыны рæстæг нæ радта хъысмæт Азæмæтæн. Райгуырд 1983 азы Джызæлы. Хъæуы 2-æм астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыд Хæххон паддзахадон аграрон университетмæ, фæци йæ, ацыд Æфсады службæ кæнынмæ. Алы ран дæр йæхи æвдыста фæзминагæй. Стыр кад уыдис Азæмæтæн йæ райгуырæн хъæубæсты фæсивæды 'хсæн дæр, аргъ кодтой йæ ныхасæн, уынаффæйæн.

Уæдæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фæуæлахиз Джызæлы футболон командæ йæ ныхмæлæууджытыл Азæмæты рæвдз хъазты фæрцы.

Нæ разындзæн ахæм æвдадзы хос, ахæм фæрæз, æмæ Азæмæтæн йæ ныййарæг мад Ритæйы, æфсымæр Ромæйы, йæ цардæмбал Каринæйы зæрдæйы рис æмæ æрхæндæг чи æрмынæг кæна, ницыма ахæм æрхъуыды кодта æрдз, стæй не 'рхъуыды кæндзæн.

Баззади Азæмæтæн йæ фæстæ йæ хъæбул Георги, нырtæккæ цæуы æртыккаг къласмæ, дзюдойы секцийы архайы. Уымæн йæ сахъгуырд фыды рухс ном кæддæриддæр уыдзæн фæндагамонæг стъалыйау, æмæ йын йæ царды фæндагыл æххуыс кæндзæн æцæг ирон лæджы миниуджытæй æххæст уæвынæн.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Бинонты цардæй

# "Юри мын инæлар уыдзæн"

**Уæрæсейы Федерацийы Хъæбатыры ном АБАЙТЫ Мæирбеджы фырт Юрийæн лæвæрд кæй æрцыд, уый айхъуыст æппæт Уæрæсейыл дæр. Сæрмагонд æфсæддон операцийы йæ лæгдзинады хабæрттæ æмæ уæлахизтæ фыст æрцыдысты æппæт информацион фæрæзты дæр.**



Уæдæ цавæр бинонтæй рацыд уыцы æхсарджын, хъæбатыр гуырд. Чи сты йæ бинонтæ, йе схъомылгæнджытæ, уый фæдыл уыдзæн нæ дарддæры ныхас.

Юри ма хæрзчысыл куы уыд, уæд-иу арæх бадт йæ фыдыфыд Цæраимæ æмæ-иу дыууæйæ сабыр, фæлмæн ныхас кодтой. Йæ дадайы фыд тынг арæх дзырдта, Юри мын инæлар уыдзæн, зæгъгæ. Чи зоны йыл уый арфæтæ æрцыдысты. Чи зоны йын йæ дадайы фыд дзырдта, Къобы ма куы цардысты, уæд сæ дард фыдæл Симон 15-16 азы Турчы хæсты цы сгуыхтдзинæдтæ æвдыста, кæнæ йе 'фсымæры лæппу Абайты Мишæ — тæхæг булкъоны цин куыд райста, кæнæ се 'ннæ 'фсымæр Филип 1942 азы Харьков исгæйæ æбæрæгæй куыд фесæфт, уыцы хабæрттæ. Чи зоны та йын дзырдта, хæххон æвадат царды уавæрты рагфыдæлтæ цы диссаджы лæгдзинад, æхсар æмæ хъæбатырдзинад æвдыстой, уыцы хабæрттæ. Чысыл Юри та-иу, æвæццæгæн, мысыд, йæ фыд Мæирбег Республикæйы афгайнæгты цæдисы сæрдар куы уыд, уæд-иу сæ йе 'фсымæр Олегимæ ахуырдзаутимæ патриотон хъомылады фембæлдтытæ æмæ хæстонты цыртдзæвæнтыл дидинджытæ сæвæрынмæ куыд ахуыдта, уыцы хабæрттæ, æмæ уæд сæвзæрд æфсымæртæм æфсæддон службæмæ уарзондзинад.

Юрийы фыд Мæирбег райгуырд Къобы. Йæ фыдыфыд Симонæн æртæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы уыди. Сæ хистæр — Цæра, Мæирбеджы фыд. Уый дæр цард-цæрæнбонты æфцæгыл метеостанцæйы фæкуыста. Скъолатæ æхгæнын райдыдтой, æмæ Мæирбеджы Дзæуджыхъæумæ 4-æм интернатмæ æрластой. Æвдæм къласмæ уым фæахуыр кодта, стæй горæты куы 'рбынæттон сты, уæд 2-æм скъоламæ бацыд æмæ йæ каст куы фæцис, уæд бацыд Хъæууонхæдзарадон институтмæ. Афæдз ацахуыр кодта æмæ йæ æфсадмæ акодтой. Службæ кодта Молдавийы горæт Тирасполы. Мæй уым фæци, стæй сæ эшелонæй Кушкæмæ 'рластой. Уым райстой хæцæнгарз, æмæ сæ бакалдтой Афганистанмæ. Уыдысты Кандагары. Кæимæ службæ кодта, уыдонæй алчидæр дзæбæхæй сæмбæлд йæ хæдзарыл.

Æфсадæй куы сыздæхт, уæд та фæстæмæ бацыд ахуырмæ, æрмæст — фæсаууонмæ, бон та кусгæ кодта завод "Бином"-ы. Уыцы рæстæг йæ цард сбаста Дигорайæ рацæугæ Туккаты Викторы чызг Алетæимæ. Кæрæй-кæронмæ кæрæдзи æмбаргæйæ, уарзонæй схъомыл кодтой æртæ лæппуйы æмæ иу чызг. Лæппуты хистæр Олег дæр йæ цард сбаста æфсадимæ. Ныртæккæ службæ кæны Смоленскы. Уый дæр уыди дыууæ хатты Цæцæны, дыууæ хатты — сæрмагонд æфсæддон операцийы. Астæуккаг, Юри, скъола нæма фæци, афтæмæй Суворовон æфсæддон училищæмæ бацыд. Уый каст куы фæци, уæд бацыд ахуыр кæнынмæ Мæскуыйы æфсæддон училищæмæ. Куы йæ фæци каст, уæд æй арвыстой Дард Скæсæнмæ. Иу фондз азы бæрц баслужбæ кодта Хабаровскы, стæй йæ раивтой Цæцæнмæ. Уым дæр иу æртæ азы фæци, уырдыгæй та йæ арвыстой Сиримæ. Уым фæци афæдзы æрдæг. Уырдыгæй отпусчы куы ссыд, уæд дæс боны дæр нæ фæци хæдзары, афтæ райдыдта сæрмагонд æфсæддон операци, æмæ йæ уырдæм арвыстой. Мæй дæр дзы нæ фæцис, афтæ фæцæф æмæ иу мæй фæхуыссыд Ростовы госпитæлы. Уырдыгæй йæ æрбарвыстой Дзæуджыхъæуы госпитæлмæ. Ам дæр ма иуцасдæр йæхи адзæбæхтæ кодта æмæ та ногæй ацыд Украинæмæ. Уæдæй фæстæмæ ис уым.


Юри йæ бинонтимæ

Кæстæр лæппу Георги каст фæци Хæххон-металлургон институт. Норильскы дæр акуыста, ныртæккæ вæййы Дзæуджыхъæуы.

Росгвардийы капитан Олег у Смоленскы облæсты терроризмы ныхмæ тохы управленийы хицауы хæдивæг. Æртæ азы службæ кодта сæрмагонд нысаниуæджы къорд "Меркурий"-ы. Дыууæ хатты командировкæйы уыди Цæцæны, дыууæ хатты та архайдта сæрмагонд æфсæддон операцийы. Ацы аз йæ цард баиу кодта Быгъдаты Мæдинæимæ, æмæ уал ныртæккæ цæрынц Смоленскы.

Мæирбег æмæ Алетæйы æртæ лæппуйы кæстæр у Маринæ. Уый дæр, йе 'фсымæр Георги каст цы Хæххон-металлургон институт фæци, уырдæм бацыд ахуыр кæнынмæ. Æрмæст равзæрста металлургон нæ, фæлæ ма информацион технологиты факультет дæр. Хорз арæхсы ныв кæнынмæ дæр. Сæ мад куы фæзиан, уæд Георги дæр иу рæстæг æрбайсæфт æмæ разынд сæрмагонд æфсæддон операцийы рæнхъыты барвæндонæй. Фæлæ йæ Мæирбег йе 'фсымæртæн ракæнын кодта, ам мæ иунæгæй кæдæм ныууагътат, зæгъгæ.

Юрийы фыдыхо Хъантемыраты-Абайты Фатимæ йæ цæгатимæ авд азы сыхæгтæй фæцардысты. Чындз æмæ ходыгъды ахастдзинæдтæ арæх нывыл нæ вæййынц, фæлæ Фатимæ куыд зæгъы, афтæмæй Алетæ йæ фыццаг бонæй фæстæмæ йæхи афтæ бауарзын кодта йæ хæрзæгъдау, æфсарм æмæ лæггадæй æрмæст мыггагæн, хиуæттæн нæ, фæлæ æгас сыхбæстæн дæр, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Кæстæрты — рæвдауæг, хистæртæн — лæггадгæнæг, йæ фæлмæн ныхас æмæ йæ цин дæр бирæйы аргъ уыдысты. Фарн æрбацыд Туккаты бынæттæй фæрнджын Абайты хæдзармæ, фæлæ йын бирæ цæрын нæ бантыст. Рæсугъд æмæ сыгъдæг фæд ныууагъта, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты.

Юрийы бинойнаг, сæ дыууæ лæппуйы Давид æмæ Аланы мад Алеся йæ рухсаггаг æфсины тыххæй загъта: "Уый мæнæн мад дæр уыдис æмæ хорз æмбал дæр. Уыцы хæдзармæ куы бакуывтон, уæд иунæг хатт дæр нæ банкъардтон, кæйдæр хæдзармæ æрбацыдтæн, уый. Сывæллæттæ куы фæзындысты, уæд мын иудадзыгдæр ахæм æххуыстæ кодта, æмæ мæ-иу тыхсын никуы ницæмæй бауагъта. Уыди цингæнаг, фæлмæнзæрдæ, хорз зондамонæг. Не 'хсæн иунæг сусæгдзинад дæр нæ уыд. Хатгай-иу иумæ тезгъо кæнынмæ дæр рацыдыстæм дыууæ хойы хуызæн. Æрыгонæй æвиппайды æнæнхъæлæджы ацыд Алетæ ацы дунейæ. Æз æй тынг мысын. Æмæ æрмæст æз нæ, хистæр лæппу Давидыл 6 азы цæуы, æмæ йæ уый дæр арæх æрымысы, суанг ма йæ цæстытæ доны дæр разилынц. Юри фæцæф, уый куы базыдта, уæд дзургæ уый бæрц ницы кодта, фæлæ йæ хъæбулыл зæрдæ куыд риссы, уый хатыдтам не 'ппæт дæр æмæ йын архайдтам ныфсытæ æвæрынмæ. Бынтон зæрдæцæф та йæ фæкодта, йæ хистæр лæппу Оледжы дæр сæрмагонд æфсæддон операцимæ куы акодтой, уæд".

Æнгом бинонты 'хсæн бахъомыл Юри, стыр ныфс ын сты йæ хæстон хъуыддæгты дæр, æмæ йæ къухы уæлахизтæ дæр уымæн æфты.

**КАСАТЫ Батрадз**

Ахсджиаг фарста

# Ахуыр æмæ курдиæттæ рæргом кæнынæн — æмбæлгæ уавæртæ

**Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИН видеоконференцбастдзинады хуызы скъолаты бындурон цалцæджы программæйы тыххæй цы æмбырд сарæзта, уым архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Скъолаты бындурон цалцæджы программæ æххæстгонд цæуы Уæрæсейы Президенты фæдзæхстмæ гæсгæ. 2022-2026 азты федералон бюджеты ацы ахсджиаг хъуыддагæн æвæрд ис 315 миллиард сомæй фылдæр. Уæрæсейы регионты нырыдæгæн цалцæггонд æрцыд 4466 скъолайы агъуысты, 2026 азы кæронмæ та хъуамæ сцалцæг кæной 7300 агъуыстæй фылдæр.

Цæгат Ирыстоны ацы программæйы фæлгæты дыууæ азмæ цалцæггонд æрцыд 66 ахуырадон уагдоны. Алкæм дæр дзы ногтæй баивтой материалон-техникон фæрæзтæ, банывыл кодтой хæрæндæттæ æмæ спортивон залтæ. 51 скъолайы та ахæм куыстытæ кæндзысты æртæ азы дæргъы. Ахæм егъау ивддзинæдтæ республикон ахуыргæнæндæтты фæстаг дæсгай æзты æрцыдысты фыццаг хатт. Ацы аз пъланмæ гæсгæ программæйы бындурыл сцалцæг кæндзысты 26 ахуырадон уагдоны: фыццаг аз — æхсæз, уый фæстæ дыууæ азы дæргъы та — 20 скъолайы. Уымæй уæлдай ма арæзт æрцæудзæн æртæ ног скъолайы, æдæппæтæй та ахуырдзаутæн — 2200 бынаты. Æппæт уыдæттæн уагъд æрцæудзæн 6 миллиард сомæй фылдæр.

Бындуронæй кæй рацарæзтой, уыдонæй иу у Беслæны фæндзæм скъола. Ардыгæй Сергей Меняйло архайдта федералон æмбырды. Республикæйы разамонæг æрзылд бæстыхæйттыл, æркаст, хæрæндон æмæ спортивон зал куыд ифтонггонд сты, уымæ. Скъола йæ куыст райдыдта 1981 азы æмæ уæдæй нырмæ, куыд æмбæлы, афтæ цалцæггонд никæд уыди. Абон дзы ис нырыккон домæнтæн дзуапдæттæг ифтонггæрзтæ, уавæртæ æмæ гæнæнтæ, сабиты курдиæттæ ирдæй кæм разыной, ахæмтæ.

Уæрæсейы Президент йæ раныхасы бахахх кодта, ацы куысты сæйрагдæр конд æмæ цалцæггонд метртæ кæй не сты, фæлæ рæзгæ фæлтæрæн бындурон æгъдауæй ног фадæттæ, рæстæгимæ æмдзу кæнын кæй фæрцы æмбæлы, сабиты ахуырмæ чи разæнгард кæны, ахæм уавæртæ саразын.

Паддзахады Сæргълæууæг стыр æргом аздæхта скъоладзауты æнæниздзинад æмæ æдасдзинады фарстатæм. Уый тыххæй æмбырды архайджытæн лæвæрд æрцыд бæлвырд фæдзæхстытæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# ...Фæлæ Ирыстон дæр махæн у иу...

**Ногираг зæххон хуымæтæг лæппу Хуыгаты Валери куыста шофырæй турбазæйы гаражы. Уыдис æмгарджын, æмгæрттæн адджын. Уæдæ æнæ уыдон йæхицæн дæр йæ цард ад нæ кодта. Æмгары тыххæй йæ фæстаг хæдон дæр раластаид, йæ фæстаг къæбæр дæр ын бахæрын кодтаид.**

Йæ хо Лизæ мын куыд радзырдта, афтæмæй, дам, мæхъхъæлон тыхæйисджытæ сæ фыдгæнд кæнын куы райдыдтой, уæдиу автобусыл кæимæ куыста, уыдон рад хæссын дæр нæ уагъта, "мæхæдæг-мæхæдæг", дам-иу, кодта цæуы, уый. Йæ автобусæн аккумуляторы 'фсон ацыдис Карцамæ фæндагыл. Бахаудтой амынæты хотыхджын мæхъхъæлон фыдгæнджытæм. Бакодтой сæ Карцайы культурæйы хæдзары. Уым фембæлдысты æмæ кæрæдзи базыдтой



æдзухдæр. Уый нæ фæндыд, цæмæй исчи фæрисса, цæттæ уыд искæй рыст дæр йæхимæ райсынмæ. Хуыгаты Валери æдзухдæр йæ риу размæ хаста. Дæ мад, дæ фыдæн, дам, иунæг лæппу дæ æмæ дæхи хъахъхъæн, зæгъгæ, йæ фæдзæхстой бинонтæ, сыхæгтæ, хиуæттæ. Уый-иу сын сæрыстырæй загъта: "Ирыстоны иунæджытæ бирæ ис, æмæ уыдонæй алчидæр йæхи куы хъахъхъæна, уæд Ирыстон та чи бахъахъхъæндзæн? Махæн дæр Ирыстон æрмæстдæр иу у!"

Валери йæ рæстдзинад зыдта æмæ ницæмæй тарсти, мæхи зæххыл, дам, хицау мæхæдæг куы дæн, уæд цæмæй хъуамæ тæрсон. Æдзух йæхи цæхæрмæ æппæрста, уымæн æмæ фæдисон лæг уыди, фæдисоны та ахæм рæстæг фæныкгуызау, фæныкæй къусбæрттæ кæнынмæ не 'вдæлы. Хуссар Ирыстон тыхст уавæры куы уыд, уæд дæр бирæ хæттыты балæууыд уым: куы хойраг ласта, куы — æндæр æххуыс... Нæ, æндон рæхыстæй куы бабастаиккой Валерийы, уæддæр æй уыдон дæр нæ баурæдтаиккой, йæ лæгдзинад ын уый бар нæ лæвæрдта.

1992 азы 31 октябры ма фæстаг хатт уыди йæ хæдзары. Йæ хо Лизæ мын куыд загъта, афтæмæй, дам, йе 'мгæрттимæ сусæг ныхас кодтой. Мæ зæрдæ, дам, æй æнкъардта, къæпп кодта мæ зæрдæ, цыдæр кæй сфæнд кодта æмæ хорз фæндагыл кæй нæ йе 'мхъæуккаг лæппу Наниты Русланимæ. Руслан куыд зæгъы, афтæмæй, дам-иу, фыдгæнджытæ сæ машинæтæ скусын кодтой, адæмы æхсынмæ куы кодтой, уæд, цæмæй сын сæ хъуырдухæн ма хъуыстаиккой иннæтæ. Хуыгаты Валери куы бамбæрста, уавæр хорз нæу, уый, уæд Наниты Русланæн афтæ бакодта: "Ды мæнæй кæстæр дæ æмæ хъуамæ аирвæзай æмæ ацы хабæрттæ радзур адæмæн".

Нæ ахъуыды кодта уыцы уысм нæдæр йæ фыд Къолийыл, нæдæр йæ мад Соняйыл, нæдæр йæ бинойнаг Светæйыл, йе 'ртæ хойыл, æртæ сабийыл. Хъуыды кæныны рæстæг ын нал уыдис. Карцайы культурæйы хæдзары сæ æхсын райдыдтой...

Нæ, ацы хатт йæ азтæй нæ аппæрста Валери, фæлæ сæм æфтаугæ бакодта, кæд Русланæй бирæ хистæр нæ уыдис, уæддæр. Иу тæппуд лæппу куы уыдаид, уæд уыцы хъысмæтлыггæнæн уысм, фырдиссагæй, бадонзоныг, базæрдæхъарм уыдаид. Фæлæ, мæлæтæй чи фæтæрса, ахæм лæппу нæ уыд Валери. Йæ фæтæн риуæй сæхгæдта Русланы, æз, дам, куы ахауон, уæд, дам-иу, ды дæр ахау. Ды хъуамæ аирвæзай, уымæн æмæ ды кæстæр, цæрынхъуаг дæ, раст, цыма, йæхæдæг цæрынæй бафсæст...

Æнæуи дæр, дам, зæронд лæгæй уæлдай нæ уыди, "дæ фæхъау фæуон"-æй дарддæр дзы ницы фехъуыстаис.

Ирыстоны раз йæ хæс сæххæст кодта Хуыгаты Валери, лæджы мæлæт райста. Хуссар Ирыстоны бархионтæ Карца мæхъхъæлон сæркъуыртæй куы ссыгъдæг кодтой, уæд Руслан мæрдты бынæй сыстад. Нæмыг кæй фæрсы, фæлæ амондджын ирвæзт акодта. Йæ дзуринаг фесты уыцы бæллæхтæ, фæлæ сæ дзырдта тынг зивæггæнгæ. Æмæ йæ бамбарæн дæр уыдис...

Хуыгаты Валери нал базилдзæн Ногиры Ворошиловы уынджы йæ автобусыл. Нал разгъордзысты йæ размæ йæ хъæбултæ. Уынджы тигъæй, дам-иу, куы базылдис, уæд, дам-иу, йæ автобус æрсабырдæр кодта, мыййаг, мæ цæлхыты бынæй рыг куы ссæуа, уæд сыхæгтæй худинаг у, зæгъгæ. Йæ зæрдæ куыд сыгъдæг уыд, афтæ сыгъдæгдзинадмæ дæр ног чындзæй уæлдай нæ уыд. Æдзух, дам-иу, йæ автобусы къомситæ дардта, цæмæй дзы, чи сбада, уыдонæн æнцойдзинад хæсса сæ хæрздæф, стæй дзы искæй дæр фæхынца.

Нал райхъуысдзæн Валерийы хъæлдзæг, цардбæллон зарын. Металлургты галуаны, дам, зындгонд актер Мæхъиты Лаверы адæмон театры архайдта. Ныр йæхицæн йæ цард зарæджы аккаг сси.

Йæ фыд Къолийы фарн нæ фесæфта Валери. Къоли, дам-иу, афтæ дзырдта: "Цы дæм ис, уый дæхицæй тыхстдæрæн ратт, дæхæдæг та исты амæлттæ кæндзынæ, цард цæуы æмæ фарн йемæ хæссы".

Сæ сиахс Туккаты Валери мын афтæ загъта: "Хуыгаты Валерийыл ахæм хуызы ныффыссын хъæуы, Ирыстоны фæсивæдæн йæ ном фæзминагæн куыд баззайа, йæ лæгдзинадыл куыд барой сæхи".

Рухсаг у, Валери! Дæ ном мыггагмæ уæд цæринаг.

**АБАЙТЫ Эдуард**

Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бонмæ

# Радиомарафоны руаджы



**Знон радио "FM-Алани" Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн скодта радиомарафон.**

**Радиоамонджыты уазджытæ уыдысты Адæмон фронты, эстрадæйы минæвæрттæ, республикæйы цæрджытæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн фыццаг бонæй æххуысгæнджытæ.**

**Марафоны фыццаг сахат уыд амонæг Налдыхъуаты Зæлинæ æмæ бархион Касаты Асланы бæрны. Гуманитарон уæзæгтæ æмбырдгонд цыдысты Адæмон фронты проект "Алцыдæр — Уæлахизæн!"-ы фæлгæты. Цы фæрæзтæ дзы æрæмбырд кæной, уыдонæй балхæндзысты æфсæддон операцийы архайджытæн хъæугæ дзаума.**

**Радиомарафон "Алцыдæр — Уæлахизæн!"-ы амонджытæ Хæдарцаты Лидия æмæ Хуадонты Тамарæйы уазджытæ та уыдысты Адæмон фронты регионалон æххæсткомы æмсæрдар Дзоблаты Альбинæ, Къазнайады минæвар Илаты Тимур æмæ эстрадон зарæггæнæг Мæргъиты Лери. Се 'хсæн рауад ахсджиаг æмæ бæстон ныхас.**

*Нæ уацхæссæг*

Æххуыс

# Сойын цырæгътæ – нæ хæстонтæн

**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны агъоммæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æрвитынц акъоппыты сойын цырæгътæ дæр.**

Ахæм цырæгътæ цæттæ кæныны мастер-кълас æрæджы ацыди Владимир Путины фарсхæцджыты æхсæнадон штабы акци "Хъарм — хъæбатыртæн", зæгъгæ, уый фæлгæты.

Акъоппыты сойын цырæгътæ нæ лæпputы тынг



хъæуынц, судзынц цалдæр сахаты (газы баллон — дзæвгар къаддæр — 15-30 минуты). Цырагъ схъарм кæны æфсæддонты цатыр, батавынц æм сæ къухтæ, схус кæнынц сæ уæлæдарæс, суанг ма йыл дон дæр рафыцынц. Сойын цырæгътæ гуманитарон æххуысимæ æрвитыны акцийы архайдтой æрмæст "Иугонд Уæрæсе"-йы уæнгтæ нæ, фæлæ нæ республикæйы иннæ цæрджытæ дæр.

"Иугонд Уæрæсе"-йы Цæгат Ирыстоны хайады нымæрдары фыццаг хæдивæг **Едзойты Марат** зæрдиаг арфæ ракодта, акци "Хъарм — хъæбатыртæн"-ы чидæриддæр архайдта, уыцы адæмæн.

**ДЗУЦЦАТЫ Оксанæ**

## Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Тырнынц уæлахизтæм

**Дигорайы, Фадзайты Арсены номыл спортивон комплексы уæззау атлетикæйæ цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгон (13-15 æмæ 16-17-аздзыд) спортсменты 'хсæн. Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст цыдысты, Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерысты Ирыстоны номæй чи архайдзæн, уыцы спортсментæ.**



Ерысты цы лæппутæ æмæ чызджытæ архайдтой, уыдон равдыстой хорз цæттæдзинад æмæ уæлахизмæ тырнынад.

Кæстæр кары чызджыты ерысты фыццаг бынæттæм рацыдысты: 40 кг — **Будайты Амиринæ**, 49 кг — **Тауаситы Маргаритæ**, 55 кг — **Хестанты Камиллæ**, 59 кг — **Гаситы Элеонорæ**, 71 кг — **Тобойты Радæ**, 76 кг — **Гуыцмæзты Маринæ**, 81 кг — **Габеты Зæринæ**, + 81 кг — **Гаситы Алинæ**.

Ацы кары лæппутæй уæлахиздзаутæ систы: 49 кг — **Таматы Марат**, 55 кг — **Давид Лукаш**, 61 кг — **Дадтеты Арсен**, 67 кг — **Константин Димоев**, 73 кг — **Наниты Артур**, 81 кг — **Таматы Арсен**, 102 кг — **Багаты Георги**.

16-17-аздзыд лæппуты ерысты 1-аг бынæттæ бацахстой: 49 кг — **Лагкуты Георги**, 55 кг — **Георгий Гикорашвили**, 61 кг — **Тогойты Хетæг**, 67 кг — **Владимир Стебловский**, 73 кг — **Руслан Гелиакбаров**, 81 кг — **Багаты Алыксандр**, 96 кг — **Гаджиты Баграт**, + 102 кг — **Гаситы Давид**.

Чызджытæ цы дыууæ уæзы ерыс кодтой, уыдоны 1-аг бынæттæм рацыдысты: 49 кг — **Кокойты Виктория** æмæ 64 кг — **Тобойты Аннæ**.

РЦИ-Аланийы иугонд командæйы сæйраг тренер **Дзбойты Петр** æмæ нæ республикæйы уæззау атлетикæйы федерацийы президент **Лазарты Владимир** æрыгон штангистты архайд банымадтой хорзыл. Уæрæсейы сгуыхт тренер Дзбойты Петр загъта: "Фыццаджыдæр мæ раарфæ кæнын фæнды, Дыгуры районы нын нæ ерыстæн хорз уавæртæ чи сарæзта, уыцы адæймæгтæн. Уыдон та уыдысты Дигорайы разамонджытæ æмæ Фадзайты Арсены номыл спортивон комплексы кусджытæ. Ерыстæ ацыдысты æнæкъуылымпыйæ. Спортсменты 'хсæн уыди къорд курдиатджын лæппутæ æмæ чызджытæ, кæцытæй тренертæ равзæрстой, Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм дыууæ кары чи ацæудзæн, ахæм 17 спортсмены. Уæрæсейы ерыстæ 21-30 мартъийы цæудзысты Оренбурджы, æмæ нын кæд уырдæм ацæуынæн фадат фæуа, уæд нæ зæрдæ дарæм, нæ лæппутæ æмæ чызджытæй иу цалдæр хуыздæртимæ кæй уыдзысты, уый. Ахæм бæрнон ерысты архайын нæ хъомылгæнинæгты тынг хъæуы, æмæ нæ фæнды уырдæм ацæуынæн æхцайы фæрæзтæ ссарын". Дзбойты Петры ныхасмæ ма Лазарты Владимир бафтыдта: "Мах зæрдиагæй бузныг зæгъæм, фæсивæдимæ чи кусы, нæ уыцы тренертæ, æмæ нын ерыстæ саразынмæ чи фæкæсы, уыцы иузæрдион фарсхæцджытæн. Уыдонæй сты нæ зындгонд спорты ветерантæ, ССР-ы Цæдисы спорты мастертæ **Тасойты Æхсар** æмæ **Ботъоты Æхсарбег**. Мæнæ та ацы хатт дæр нæ фарсмæ æрбалæууыдысты, æмæ сын мах зæгъæм стыр бузныг. Ис нæм суинаг кæстæртæ, æмæ хорз уаид уыдонæн спорты бæллиццаг-дæр бæрзæндтæм схизынмæ æмбæлгæ уавæртæ саразын".

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Патриотон хъомылад

# Рæвдауæндон: Хи мультиктæ æмæ ирон робот Бибо

## Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæн – сабиты лæвар

**Дзæуджыхъæуы 107-æм рæвдауæндоны сарæзтой нывты сæрмагонд равдыст Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн. Астæуæй дзы ис Плиты бинонты къам — мад йе 'ртæ хъæбулимæ. Уымæй уæлдай, хъомылгæнджытæ сабитæ æмæ сæ ныйиарджытимæ иумæ систой чысыл мультфильм, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы хæстон фыдæлты кадæн. Цы бирæ алыхуызон хъуыдытæ сæм уыд, уыдонæй равзæрстой хуыздæр æмæ цымыдисагдæр сюжет.**



Плиты бинонтæ

Рæвдауæндоны хъомылгæнинаг, æхсæзаздзыд **Плиты Адрианæйы** фыд дæр архайы сæрмагонд æфсæддон операцийы. Хæдзары йæм æнхъæлмæ кæсынц йæ мад, йæ бинойнаг Катя æмæ йе 'ртæ хъæбулы. Адрианæ фыны уыны йæ фыды: "Ацы хатт цыма хæсты нæ дæ, фæлæ раздæры хуызæн, раст цыма дыууæ боны йеддæмæ кæрæдзи нæ фæдтам, афтæ", — дзуры саби йæ фын. Мультикы сюжетмæ гæсгæ, бинонтæ се 'ппæт дæр сты хæдзары, кæнынц сæ æрвылбоны архæйдтытæ, сывæллæттæ згъорынц сæ фыдмæ, цин ыл кæнынц. Сæ нана дæр, йæ цæссыг нæ уромгæйæ, æмбæлы йæ фыртыл. Цины хабарæн, ирон æгъдаумæ гæсгæ, бинонтæ ракуывтой æртæ чъирийæ. "Тæхуды, мæ фыд, дæ уындæй, бæргæ, куы бафсæдин, куы нæ уаин хъал æз æрмæст мæ фынтæй, цæргæ мын кæн æрмæст, цæргæ!" — хъуысы фæскадры чызджы хъæлæс.

Сфæлдыстадон куыст бакодтой кæстæр къорды хъомылгæнджытæ **Хуыгистаты Тамарæ, Джиникашвили Кристинæ, Бирæгъты Каринæ** та пластилинæй скодта бинонты фигурæтæ. Тынг бацархайдта, цæмæй сæ бакастæй уой Плиты бинонты æнгæс. Тамарæ куыд зæгъы, афтæмæй, мультикыл кусгæйæ, чысыл Адрианæ йæ фыды персонаж пластилинæй кондæй куы федта, уæд йæ зæрдæ суынгæг.

Æртæсæдæйæ иу мин къамы онг бахъуыд мультик саразынæн. Алы кадр дæр секундмæ гæсгæ иста Джиникашвили Кристинæ, стæй сæ уæд баиу кодта. Сæрмагондæй ацы куыстыл кæд сæ иу дæр нæ ахуыр кодта, уæддæр сын рауад тынг хорз æмæ зæрдæмæдзæугæ. Уæдæ фæскадры дæр хъусæм Адрианæйы зæрдæбын ныхæстæ йæ фыдмæ, зарджытæ фыды кадæн æмæ Еленæ Благининæйы æмдзæвгæ "Мæ фыдæн фронтмæ".



"Фæндыд мæ, цæмæй фæскадры хъуыстаид Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæйыл уацмыс. Уымæн æмæ уæды æмæ абоны цаутæ иу кæны — Фыдыбæстæ бахъахъхъæнын фашизм æмæ неонацизмæй", — загъта йæ хъуыды Хуыгистаты Тамарæ.

Ацы рæвдауæндоны стыр æргом здахынц патриотон хъомыладмæ. Сывæллæттæн æмбарын кæнынц Фыдыбæстæ æмæ бинонтæм уарзондзинад. Уæдæ сын дзурынц абоны хæстон цауты тыххæй дæр, уым бирæ ирыстойнæгтæ кæй ис, уый сусæггаг нæу, уыдонимæ — сæ хъомылгæнинæгты ныйиарджытæ дæр. Сывæллæттæ мысынц сæ ныйиарджыты æмæ, семæ телефонæй куы аныхас кæнынц, уæд æй райсомæй радзурынц хъомылгæнджытæн.

Сентябры рацыд ног федералон ахуырады программæ, æмæ рæвдауæндон кусы йæ бындурыл. Ис дзы патриотон-хъомыладон куысты къабаз, æмæ йæм стыр æргом здæхт цæуы. Методист **Гаглойты Маринæ** уый тыххæй бæлвырд радзырдта, равдыста рæвдауæндон. Федтам, цæстуынгæ æрмæгæй хæрзифтонг у, ис ма сæм, суанг ирон робот Бибо дæр. Ныккон кусæнгæрзтæй арæхстджынæй пайда кæнынц, сæ ног мультик дæр ууыл систой. Уалдзæджы сæ бабæрæг кæндзæн ацы нымæцон аппаратурæ æрхъуыдыгæнæг, академик Поваляев, цæмæй базонгæ уа, куыд дзы пайда кæнынц, уымæ. Разы у йæ кусджытæй æмæ сæ æнтыстдзинæдтæй рæвдауæндоны сæргълæууæг **Батырты Раисæ** дæр.



ДЖИНИКАШВИЛИ Кристинæ, ХУЫГИСТАТЫ Тамарæ æмæ БИРÆГЪТЫ Каринæ

"Æдæппæтæй систам 16 алыхуызон мультфильмы, цы хи чысыл студи нæм ис, уый фæрцы. Сты ахсджиаг темæтæ æмæ зонадон фарстатыл, уыимæ — ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтыл. Мультик систам, цæмæй нæ хæстонтæн зæгъæм, мах дæр зæрдæйæ семæ кæй стæм. Алкæй дæр фæнды, цæмæй ахæм циндзинад, алы хæстоны бинонтыл дæр æрцæуа, уый!"

**МАМИАТЫ Лолитæ,**
**авторы ист къамтæ**

## Нæ рагфыдæлты цардæй

# Фистæг уæвын сæм æгад уыди...

**"Алане (афтæ фыст у ацы дзырд рагон историон уацмысты) цæрынц егъау, æнæкæрон стыр фæзуæтты. Уыдонæн нæй хæдзæрттæ, хъæутæ, зæххы куыст нæ кæнынц, сæ сæйраг хæринаг сты æхсыр æмæ дзидза, фос дарынц бирæ.**



Сæ рæстæг æрвитынц, сæ цæлхытæ хъæды цъарæй æмбæрзт кæмæн сты, ахæм уæрæх уæрдæтты. Иудадзыг дæр сты бæлццæттæ. Хъæздыг хизæнуæттæ ссаргæйæ, уым басабыр вæййынц, цалынмæ дзы вæййы кæрдæг сæ фосæн, стæй та ахæцынц дарддæр сæ сæдæгай уæрдæтты. Уæрдæтты райгуырынц æмæ хъомыл кæнынц сæ сывæллæттæ, зæронд кæнынц сæ хистæртæ.

Сæ исбон фосæй æппæтæй стырдæр æргом здахынц сæ бæхтæм базилынмæ, уымæн æмæ балц дæр æмæ бахъуыды заман хæцгæ дæр знагимæ уыдоныл кæнынц.

Аланетæ фосы холлагæй хъуаг никуы æййафынц, цы быдырты æрбынат кæнынц, уым кæддæриддæр ис фаг дон æмæ хизæнуæттæ.

Сæ фæсивæд, суанг бынтон æвзонгæй фæстæмæ, ахуыр сты бæхыл бадыныл, фистæг уæвын сæм æгад у. Нæлгоймæгтæ, бынтон хистæртæй уæлдай, се 'ппæт дæр сты фидар, ныфсджын æмæ фæлтæрд хæстонтæ, тæрсын цы у, уый нæ зонынц.

Амондджын хонынц уыцы лæджы, знагимæ карз тохы чи амæлы, бынтон зæрæдтæ, кæнæ исты низæй рынчынтæм та былысчъилæй кæсынц.

Аланетæн сæ фылдæр сты бæрзонд, бакастджын, цæрдæг, сæ хæцæнгарз рог, исты фæпайда кæныны охыл нæ зивæг кæнынц дард бæстæтæм дæр стæры ацæуын.

Цагъайрад цы у, уый нæ зонынц, разамонæгæн та равзарынц, хæстон хабæрттытынгдæр чи фесгуыхы, уыцы адæймæгты..."

*(Аммиан Марцеллин, ромаг историк, царди нæ дуджы размæ IV æнусы. Ныффыста 31 чиныджы ромæгты историйы тыххæй).*

**Ирон адæмы историйы хрестоматийæ**

## Мидбылты худгæйæ

# Абхазаг æфсымæртæм – æххуысмæ

Æрыгон уæвгæйæ, Сæуджен бирæ мæгуыры бонтæ бавзæрста — æфсады службæ кæнгæйæ, йе 'мбæлттимæ архайдта Афганистаны хæсты, уым уæззау цæф фæцис. Иу ныхасæй, æрдæгарыдтытæй аирвæзт. Йæ хæдзар куы ссардта госпиталы фæстæ, уæд рацæйрабон, æмæ йæ иу къах дзæвгар фæцыбырдæр. Æгайтма уæддæр сæрæгасæй ссыд, зæгъгæ, хъæугуывд скодтой, фæстæдæр замманай чызг дæр ракуырдта. Æмæ куыд нæ — кæд йæ къах фæцыбырдæр, уæддæр Сæуджены риуыл тæмæнтæ калдтой хæрзиуджытæ — йæ æнæкæрон хъайтардзинады æвдисæнтæ.

Нæуæдзæм азты бæстæ арвистон фестад, уæд иу ран, уæд — иннæ ран хæст сарæх. Ныэмæстой абхазтæ дæр гуырдзыимæ, сæ бархидзинадыл дзурын райдыдтой, туг донæн аивылд. Сæуджен кæд зоныккон лæппу нал уыд, уæддæр йæ лæгдзинад йæхимæ уыдис, æмæ, куыд бирæ ирыстойнæгтæ, афтæ йæхицæн хæсыл банымадта Абхазмæ ацæуын. Иу райсом сыхы лæгтæ уынджы, фос куыд аскъæрдтой, афтæ лæууынц æмæ цæуылдæр ныхас кæнынц. Уыцы рæстæг Сæуджен уынджы æрцæуы, йæ фæсонтыл — иуырдыгæй хъыримаг ауыгъд, иннæрдыгæй — вещмешок, афтæмæй. Куы 'рхæццæ сæ размæ, уæд сын салам ратта, æмæ йæ Ахъберд фæрсы:

— Æнхъæлдæн, Сæуджен, кæдæмдæр сфæнд кодтай?

— Ахæм сахат хæдзары бадын худинаг у, цæуын хæстмæ, нæ абхазаг æфсымæрты раз балæууон, ме 'ххуысы къух сæм бадарон.

Лæгтæ йын фæндараст загътой, йæ фæстæ кæсгæйæ баззадысты, стæй æрæджиау Ахъберд сфæрæзта:

— Æз уын зæгъын, ай снайперы хъизæмарæй амардзæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## Арфæ

# Музайты-Мырыкаты Аврамы чызг Оляйæн

*23 февралы у нæ уарзон, нæ зынаргъ, алцымбарæг ныййарæг мад, нана Оляйы райгуырæн бон. Уый фæдыл ын зæрдиаг арфæтæ кæнæм æппæт кæстæртæй дæр.*

*Бирæ азты нын æнæниз æмæ хъæлдзæгзæрдæйæ фæцæр! Махæн нæ мад у æппætæй рæсугъддæр æмæ рæдаудæр! Мадæй хæстæгдæр удмæ ницы ис, æмæ нын дæ цæргæ-цæрæнбонты фидар у! Рыст æмæ мастæй хызт ут! Кæрæдзи 'мбаргæйæ Мæиримæ бирæ азты зæрдæхъæлдзæг, амондджын æмæ адæмуарзонæй фæцæрут!*

*Мады-Майрæмы фæдзæхст у кæддæриддæр!*



Ацы арфæтæ дын кæнынц дæ чызджытæ —
Иринæ æмæ Ирмæ, уыдоны хъæбултæ æмæ сиæхстæ —
Артур æмæ Сослан

**Газеты радон номыр рацæудзæн 27 февралы**

**Профессиональное опрыскивание плодовых культур и декоративных растений до распускания почек (с 22 февраля).**
**Тел.:**
**8-928-856-90-89, 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Ремонт стиральных машин и холодильников.**
**Тел.:**
**8-988-835-55-50 (Азамат);**
**8-963-377-80-00 (Борис).**

Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3086.
Заказ № 190.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**